ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКІУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЬАНДЗРЭ КЪЫДОКІ

№112 (22.520) ● 2013 гъэм мэкъуауэгъуэм (июным) и 18, гъубж ● Тхьэмахуэм тхуэ къыдокІ ● И уасэр соми 3-щ ●

adyghe@mail.ru
adyghepsale.ru

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Ветеринариемкіэ и управленэм теухуауэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и Указ

«Урысей Федерацэм и субъектхэм я къэрал властым и законхэр къыдэзыгъэкІ (ІыкІуэ), гъэзэщІакІуэ органхэр къызэрэпэщыныкІэ псоми яхуэгъэза хабзэхэм я Іуэхукіэ» Федеральнэ законым и 17-нэ статьям и пункт 4-м, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Конституцэм и 81-нэ статьям и «б» пунктым ялъытыжу, **унафэ сощІ:**

1. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Ветеринариемкіэ и управленэ къызэрэпэщын.

2. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм хуэгъэувын зы маазэм кьурыбыдэу:

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Ветеринариемкіэ и управленэм теухуа Положенэр къищтэну;

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Ветеринариемкіэ и управленэм щыпхьэнухэм я бжыгъэр нэхъыбэ дыдэу зэрыхъунымрэ абыхэм я пэжыпщэмкІэ фондымрэ къищтэну;

мы Указыр гъэзэщІэным пыщІа финанс, къызэгъэпэщынигъэ, къинэмыщІ Іуэхуэр зэфІигъэкІыну;

зыхуэфащэ хабзэ мардэхэр мы Указым иригъэзэгъыжыну.

3. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал властым и гъэзэщІакІуэ органэм я зэхэтыкІэм, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм 2012 гъэм щэкІуэгъуэм и 14-м къыдигъэкІа Указ №163-УГ-мкІэ къищтам, зэхъуэкІыныгъэ хэтыжьэн икІи абы и пункт 3-м «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Ветеринариемкіэ и управленэ» псалъэхэр хэтхэжьын.

4. Мы Указым къару егъуэт официальнэу къыщытрадза махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэ КЪАНОКЪУЭ Арсен

Налшык къалэ
2013 гъэм мэкъуауэгъуэм и 10-м
№83-УГ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым 2002 гъэм щэкІуэгъуэм и 23-м къыдигъэкІа Унафэ №30-РП-м зэхъуэкІыныгъэхэр хэлъхьэным теухуауэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и Унафэ

2013 гъэм мэкъуауэгъуэм и 11-м **№61-РГ**

1. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым и деж Информацэм къыщыхэщыжьыныкІэ ведомствохэм эздайуэ щыІэ комиссэм теухуа Положенэр къэштэным хуэгъэзауэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым 2002 гъэм щэкІуэгъуэм и 23-м къыдигъэкІа Унафэ №30-РП-м, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым и деж Информацэм къыщыхэщыжьыныкІэ ведомствохэм эздайуэ щыІэ комиссэм теухуа положенэу а унафэ дыдэмкІэ хъащтам мы къыкІэлъыкІуэ зэхъуэкІыныгъэхэр хэлъхьэн:

а) унафэм хэт «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым и деж информацэм къыщыхэщыжьыныкІэ» псалъэхэр зэхъуэкІын «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и деж информацэм къыщыхэщыжьыныкІэ» жиІэу;

б) Положенэм:

псалъащхьэмрэ пункт 1-мрэ хэт «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым и деж информацэм къыщыхэщыжьыныкІэ» псалъэхэр зэхъуэкІын «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и деж информацэм къыщыхэщыжьыныкІэ» жиІэу

зыхуэфащэ падежхэм иту тхыгъэм зэдыщІэкІыу хэт «Президент» псалъэм зэхъуэкІын зыхуэфащэ падежхэм ит «Іэтащхьэ» псалъэмкІэ.

2. Мы Унафэм хуэгъэ егъуэт Іэ щыщІэздза махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэ КЪАНОКЪУЭ Арсен

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и деж Информацэм къыщыхэщыжьыныкІэ ведомствохэм эздайуэ щыІэ комиссэм,Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым 2005 гъэм щэкІуэгъуэм и 25-м къыдигъэкІа Унафэ №29-РП-мкІэ къищтам, зэхъуэкІыныгъэхэр хэлъхьэным и Іуэхукіэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и Унафэ

2013 гъэм мэкъуауэгъуэм и 11-м **№62-РГ**

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и деж Информацэм къыщыхэщыжьыныкІэ ведомствохэм эздайуэ щыІэ комиссэм, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и деж Информацэм къыщыхэщыжьыныкІэ ведомствохэм эздайуэ щыІэ комиссэм и Іуэхукіэ» 2005 гъэм щэкІуэгъуэм и 25-м къыдигъэкІа Унафэ №29-РП-мкІэ къищтам, зэхъуэкІыныгъэхэр хэлъхьэн икІи комиссэм хэгъэхьэн мы къыкІэлъыкІуэхэр:

Куквэ А. Н. - Связым, информацэ технологиехэм, щыхьбэ коммуникацэхэмкІэ Іэнатіэм кІэлъыплъныныкІэ федеральнэ къулыкъущІапІэм и Управленэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыІэм и унафэщІым и къуэдзэр - а Іуэхущ1апІэм кІэлъыплъныныгъэ (къэпщытэныгъэ) Іуэхухэмрэ пэжныгъэкІэр иратгъэкІыну хуит щІыныкІэ и къудамэм и унафэщІыр

Синицкий А. А. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэмрэ Правительствомрэ я Іуэхуэхмкіэ управленэм хьыбарегъащІэ технологиехэмкІэ и департаментым и унафэщІыр.

2. Мы Унафэм хуэгъэ егъуэт Іэ щыщІэздза махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэ КЪАНОКЪУЭ Арсен

● Пшыхьэр

Узыншагъэм и хъумакІуэхэр ягъэпажэ

Чеченов Ануар Шэт Ирмэ йохьуэхьу.

Налшык къалэ дэт Къэрал киноконцерт гъэлъэгъуэпІэм мэрем кІуам щекІуэкІащ медицинэм и лэжьакІуэхэр щагъэлъапІэ пшыхь. ЗэлушІэ гуапэм хэтащ КЪБР-м и Парламентым, Правительствэм, министерствэ щхьэхуэхэм я лІыкІуэхэр.

ЯПЭУ УТЫКУМ кьрагъэблэгъащ КъБКъУ-м и медицинэ къудамэр мы гъэм къэзыух ныбжьыщІэхэр, абыхэм кьызэхуэсахэм я пащхьэм урысей дохутырым и тхьэрыІуэр щаташ.

КъБР-м и Іэтащхьэ Кьанокъуэ Арсен медицинэм и лэжьакІуэхэм Зэрызэхуигъаазэм кьеджащ республикэм и Правительствэм и Унафэщі **Хьэсанэ Руслан**. Адэкіэ абы езым псалъэ гуапэкІэ захуигъэзащ зи махуэшхуэр зыгъэлъапІэхэм.

- Дохутыр Іэщлагъэр жэуапльныгъэшхуэ зыпльыщ икІи икьукІэ лэжьыгъэ хьэлъэщ, - жиІащ Хьэсанэ Руслан. - Абы кьыхэкІыуи дохутырхэм пщІэшхуэ яхуэфащэщ. Тыншкьым махуэ кьэс цІыхум и узыншагъэм, апхуэдэу щыхьукІи, и гъащІэм и «хъумакІуэу» ущытыныр. Фи дежщ кьыщежьэр жылагъуэ узыншэм и лъабжьэр. Нобэ медицинэм псынщІэу зеужь, щІыныгъэ и пІэ иткьым, къэхутэныгъэщІэхэр, гъэунэхуныгъэхэр гъащІэм хэпща мэхъу. Абы кьыхэкІыу медицинэм и лэжьакІуэхэмэ, я Іэщлагъэм ехьулІэныгъэ щаІэн папщІэ, зэманым зыдрагъэкІуклэрэ, а уэрІтыныгъэм щІэуэ кьыхьыхьэ псоми зыщагъэгъуэзапхьэщ. Іэмал имыІэу хущІэкъун хуейщ я зэфІэкІым, Іэзагъэм зэрыхагъэхьуэным.

Хьэсанэ Руслан тепсэлъыхьащ кьалэщхуэхэм щыІэ медицинэ еджапІэ нэхъыщхьэхэм республикэм зэгурыІуэныгъэ ярищІылаУэ ныбжьыщІэхэм я щІэныгъэм абыхэм щыпащэну, ІэщлагъэлІхэм я Іэзагъэм щыхагъэхьуэну дяпэкІэ Іэмал зэраІэнум.

- Псом хуэмыдзэу псалъэ гуапэхэр яхуэфащэщ республикэм и медицинэм зи гъащІэр тезыхуэу нэхъыжьыфІхэм, - кьыхигъащІ Хьэсанэм. - А Іэнатіэм зеГъэужьыным абыхэм хуащІа хэлъхьэныгъэр кьэлытэгъуейщ. Ахэращ нобэрей ди медицинэм и лъабжьэ быдэр зыгъэтІылъар. Абыхэм я зэфІэкІым кьыпащкІэрэ, дохутыр Іэщлагъэм хуэпэжу нэхъыжьхэм я лъагэуэм ирикІуэнуэр диІэну догугъэ. Медицинэм и лэжьакІуэ псоми сыныводхьэхьу узыншагъэ быдэ фиІэну, фи Іэнатіэм ехьулІэныгъэхэр кьыщыфхьыну.

(КІэухыр 2-нэ нап.)

КъБР-м и Парламентым и депутатхэм гу зылъатапхъэ

2013 гъэм мэкъуауэгъуэм и 20-м КъБР-м и Парламентым и Унэм щекІуэкІынущ республикэм законхэр къыдэзыгъэкІ и орган нэхъыщхьэм и зи чэзу зэІущІэр.

ЗэІущІэм щыщІидзэнур сыхьэти 10-рщ.

КъБР-м и Правительствэм унафэ кьыщтащ Кавказ Ищхьэрэм и щІалэгъуэгъэр щІэныгъэкІэ щыІэныгъэхъуэжьну «Мэшыкъуэ-2013» лагерым республикэм и лІыкІуэхэр гъэкІуэным теухуауэ.

КъБР-м егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ и министр Семэн Пщыкьан зэрыжиІамкІэ, Кавказ Ищхьэрэ федеральнэ округым и субъектхэм ящыщ щІалэрэ Хьэдэжэбу политикэм, экономикэм, инновацэхэм, жылагъуэ Іуэхуэхэм, граждан жэрдэмхэм, гъэзэджэм, творчествэм дизкъэхэр щыІэзэхуэсыну зэІущІэм хэтын папщІэ нобэм ирихьэлІэу проекти 120-рэ кьыхалъхьащ. Министрым кьигъэльэгъуащ «Мэшыкъуэ-2013» лагерым Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и маХуэ, КъБР-м и щІэныгъэм, литературэмрэ гъуэзджэмрэ, спортым щІэ ехьулІэныгъэхэм я гъэльэгъуэныгъэ зэрыщІэнур, ди артистхэм маХуэщхуэ концерт зэратынур.

Мы Іуэхуэгъуэхэм трагъэкІуэдэн папщІэ республикэм и щІалэгъуалэр «Мэшыкъуэ-2013» лагерым зэрыкІуэнум хуэгъэхьэзырынымкІэ кьызэгъэпэщакІуэ комитет. Абы и унафэщІщ КъБР-м и Правительствэм и Унафэщім и кьуэдзэ Портэ Галинэ.

КъБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущ1апІэ.

«Мэшыкъуэ-2013» зэхьхьэм зыхуагъэхьэзыр

Унагъащ1эхэм зэрадэІэпыкъуну ахъшэм хагъахъуэ

Урысей Федерацэм и Правительствэм кьищта унафэм ипкъ иткІэ, «ПСэупІэ» федеральнэ программэ хэхам и «Унагъащ1эхэр пСэупІэкІэ кьызэгъэпэщыныр» программэ къуэдзэр гъэзэщІэным трагъэкІуэдэн папщІэ федеральнэ бюджетым и ахъшэу дызэрыт илъэсым сом мелуан 40-рэ 628-рэ кьыхуагъэТыпщынущ. Нэгъабэ елъытауэ ар Іыхьэ плІанэм щІигъкІэ нэхъыбэщ.

КъБР-м федеральнэ бюджетым кьыхэкІ субсидиехэр кьыхуэгъэТыпщыныр теухуауэ Урысей Федерацэм ЩІыналъхьэжьэм зегъэужьыныкІэ и министерствэм зэгурыІуэныгъэ ирищІылаІа нэхъь, КъБР-м Ухуэныгъэмрэ архитектурэмкІэ и министерствэр хэплъэнущ а ахъшэр щІыпІэ унафэ зезыгъакІуэ органхэм зэрытрагъуэшэнум. 2013 гъэм социальнэ дэІэпыкъуныгъэ зратыну унагъащІэхэм я спискэ щІыпІэ унафэр зезыгъакІуэ органхэм зэхалъхьэнущ.

ЩОДЖЭН Динарэ.

Ди щІэджькІакІуэ лъапІэхэ!

Фигу къыдогъэкІыж 2013 гъэм и етІуанэ илъэс ныкъуэм къыфІэрыхьэну газетхэм, журналхэм Іэ тедзэныр зэрекІуэкІыр.

Илъэс ныкъуэм ди газетым и уасэщ сом 403-рэ кІэпІейкІэ 32-рэ.

«Адыгэ псалъэм» Іэ щытевдзэ хъунущ республикэм и пощт Іуэхущ1апІэ псоми.

Ди индексыр 51531

Дунейм щыхъыбархэр

Зэгупсысын хуей жэрдэм

УФ-м Іэнэхъуэщапхъуэ Іуэхуэхмкіэ и кьулькьум и лэжьакІуэхэм зрагъэщІэгъуэкІащ Къэрал Думэм и депутатхэм я жэрдэмщІэр - ди щІыналъм кьихь дэтхэнэми сом мин щрщ и уасэ вексель кьрагъэщэхуным теухуар.

«ГъэщІэгъуэн дыдэщ депутатхэм кьыхалъхьар. Зы лъэныкъуэкІэ, апхуэдэ Іэмал къэбгъэсэбэп хъуну кьыщІэкІынт - щхьэусыгъуэ гуэркІэ УФ-м ирахужьын хуэй хамэ къэралщІыхум и гъэзэгущІэм гъым ирагъэтыж хуэдэу увынут. НэгъэщІ лъэныкъуэкІэ укьыщеплъмэ, апхуэдэ дыдэ хабзэ ди гъунэгъухэми кьащтэмэ-щэ? Украинэм щыпсэу и къэралыгъуэ дежхьэщІапІэ кІуэ анэщхуэм апхуэдэ кьыпаубыдмэ, дауэ кьыпщыхъуэр? Аращи, ар зэгупсысын хуей Іуэхуэшхуэщ», - жаІащ ФМС-м и лэжьакІуэхэм.

«Гъэмахуэ зэманым» дытекІыжыну фэ тетхым

Сымаджэхэм кьащхьэщыжьныныкІэ жылагъуэ зэгухьныгъэм и президент Саверский Александр кьызэридыгъэмкІэ, Урысейр «гъэмахуэ зэманым» зрытрагъэхьэнэм щІыхуэхэм я хуитныгъэхэр кьызэпеудикІи а унафэр егъэкъутэжьыным яужь итщ зыкьом щІагъэ.

Зэманыр адэкІэ-мыдэкІэ зэрагъэпхьэм щыхуэхэм я узыншагъэм зэрагьгъэу кьахуэхьым хуэмыдзэу теухуауэ дохутырхэм жаІэхэмкІэ щІэгъэбыдзжа и тхьэусыхафэр абы щІилъхьауэ щытащ къэралым и Суд Нэхъыщхьэм. Иджыблагъэ абы хэпльэри, хеящІэхэм унафэ кьащтащ зэманыр щІибгъэкІуэтыжьын щхьэусыгъуэ щымыІэу.

«Гъэмахуэ зэманым» дызэрытехьэрэ щІыху куэдым зыхащІащ ар кьаэзэрехьэлъэкІыр, я узыншагъэми гукьыдэжми кІэрыхуащІу, щІыжиІащ судым Саверскэм. Прокурорым ар идакьым, зэманыр кьызэрабжьщІыкІэр щІыхэм и узыншагъэми дыкьэзыухъурехьэ лъэныкъуэкІэ, ар зэрыгъэщІэнкІынкъым.

НОБЭ

●1956 гъэм Налшык музыкэ училищэ кьащІызэІуахащ.

●Сурэтыщі-живописец **Индрис Залымхъан** къызэралъхурэ илъэс 73-рэ мэхъу.

● Москва щыІэхэтхэнущ СНГ-м хьыкъэ къэралхэм я Экономикэ советым и зэІуэщІэ.

Дунейм и щытыкІэнур «pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкІэ, Налшык пшэр текъэ-текІыу щыщытынущ, уэшх къыщешхынущ. Хуабэр махуэм градус 21 - 22-рэ, жэщым градус 18 - 19 щыхъунущ.

Зыгъэхъэзырар ЖЪЭКЪМЫХЪУ Мариэт.

Льэпкъ Іуэщлгъэ:

Бей жей езэгъыркъым.

КъБР-м и Правительствэм и Унафэщі Хьэсанэ Руслан «Адыгэ псалъэ» газетым и хьэщІэщым зэІущІэ щрегъэкІуэкІ.

Дызэкъуэтмэ, псори тхуэгъэкъаруунущ -

аращ гупсысэ нэхъыщхьэу щыІуар дыгъуасэрей зэІущІэм

КъБР-м и Правительствэм и Унафэщі Хьэсанэ Руслан дыгъуасэ кьызэхикІухьащ республикэм щылажьэ хъыбарегъащІэ Іуэхущ1апІэхэр нэхъыщхьэу ирикІи кьэрал унафэр зыІэщІэлъхэмрэ зэпызыщІэ Іэнатіэхэм я Іуэху зыІутыр зригъэщІащ.

«Къэбэрдей-Балъкъэр» ГТРК-м и телевиденэм и Іуэхущ1апІэр кьызэхипІыхьа нэужь, премьер-министрымрэ абы и кьуэдзэ **Кьуэдзокьуэ Мухьэмэдрэ** яІущащ Къэзанш Людмилэ зи унафэщІ лэжьакІуэ гупым. Телевиденэр и кьызэгъэпэщыкІэкІи, и купщІэкІи, и лэжьыгъэкІи зэманым зэрыдекІуэм, ІэмэпсымэхэмкІэ, Іэщлагъэлхэмкіэ кьызэрызэгъэпэщам, хьыбарегъащІэ Іуэхущ1апІэхэмрэ кьэрал кьулькьущ1апІэхэмрэ зэрызэдэлажьэн хуей щІыкІэм, нэгъуэщІ куэдми тепсэлъыхьащ зэІущІэм хэтахэр.

Адэкіэ кьулькьущІэхэр еблэгъащ Печатьмкіэ унэм. КъБР-м хьыбарегъащІэ Іуэхущ1апІэхэмкІэ, жылагъуэ, дин зэгухьэныгъэхэмкІэ и министр **Кьуажуэ Мухьэдин** хьэщІэхэм яригъэльэгъуащ «I КъБР» ТВ-р щылажьэ пэщхэр. Иужькіэ Хьэсанэр яІущащ республикэ газетхэм я редактор нэхъыщхьэхэмрэ телевиденэм и лэжьакІуэхэмрэ. ЗэІущІэр щекІуэкІар «Адыгэ псалъэ» газетым и хьэщІэщырщ.

Правительствэм и Унафэщым редакторхэм яжриащ я лэжьыгъэр сыт щыгъуи ирагъэфІакІуэу ипэкІэ кІуэтэн зэрыхуейр, махуэ кьэс зытепсэлъыхьхэм нэмыщІ, мыхьэнэшхуэ зиІэ Іуэхугъуэ пыухьикІахэм сыт щыгъуи гулытэ зэрыхуащІыпхъэр.

- Дэ Іуэхур зэрызэфІэкІынум теухуауэ кьатщтэ унафэмрэ ар гъэзэщІа щыхьэмрэ я зэхуакъ пІалъэ гуэр дэлъщ, уеблэмэ ильэс зыбжанэ кьиубыду кІыхь дыдэ щыхьу щыІэщ. А зэманым екІуэкІ лэжьыгъэр зыхуэдэр кьэзгъэльагъуэу, ар зэрызэдмыгъэтІылъэкІар щІыхубэм кьевгъащІэу фылэжьэнар сфІэигъэщІ, - жиІащ Хьэсанэм. - Щыхухэр зэкІэ зэрыгъэрытщІыгуть псори зэуэ тхуэзфІэкІыр-кьым, кьаруэ дыщримыкьуи, хэтлъхьэ ну ахьшэ дыщимыІи кьохьу, ауэ кьытпэщыльэ кьалэнхэр машІэ-машІэуэрэ догъэзащІэ. Псом нэхъыр нэхъыщхьэр дэтщІэмрэ зи ужь дитымрэ фэ кьывгурыІуэныр, ар дахэу, зэпкърыхаяу щІыхубэм я пащхьэ ифлъхьэжьфынырщ.

Псори дызэгъусэу зекІуэнкІи хуейщ къэкІуэнур фІы зэрытщІыныным, ди псэукІэр зэредгъэфІакІуэным. Сэ сызытетыр мыраш: пщІар зэфІэкІащи, абы утемыпсэлъыхьхьэжу, кьыкІэлъыкІуэ Іуэхум иужь ихьэ. ИтІанэ нэхъыбэм дыхунэсынущ, нэхъ псынщІэу зыдуэжьыныщ.

ХьыбарегъащІ Іуэхущ1апІэхэм я Іуэху зыІутыр кІэщІу республикэм и премьер-рым жриІащ Кьумахуэ Мухьэдин. Абы кьыхигъащІащ нобэкІэ газетхэмрэ телевиденэмрэ я лэжьыгъэр кьызэрызэгъэпэщымкІэ зэрыарэзыр.

- Дэ Парламентымрэ Правительствэмрэ я лэжьыгъэр зэрекІуэкІыр екІуу кьэгъэльэгъуныр япэ идгъэщ Іуэхугъуэхэм ящыщІ. Ауэ Іуэхум хэль мыхьэнэ нэхъыщхьэмрэ нэхъ зытегъэщІапхъэ унэтІыныгъэмрэ гу лыдагъатэмэ, итІанэ газет псоми телевиденэхэми я хьыбар къэтыкІэр нэхъ лъэщ хъунущ, - жиІащ Кьумахуэм. - Кьыхэзгъэщыну сыхуейщ анэдэлъхубзэкІэ кьыдэкІ газетхэм - «Адыгэ псалъэмрэ» «Заманымрэ» хьыбарыщІэхэр кьызэрытрадзэм нэмыщІ, бзэр, хабзэр хъумэным, тхыдэм, блэкІам цыхубэр щыгъэгъуэзным екъэлІауэ лэжьыгъэщхуэ зэрырагъэкІуэкІыр.

Абы и лъэныкъуэкІэ, куэд щауэ игу щІэныкъуэ гъэсэныгъэр абыхэми я пщэ кьызэрыдэхуэр жиІащ Хьэсанэм.

- Дызэрыт лъэхъэнэм гъэсэныгъэ дэжьыгъэр Іэщлыб тщІауэ кьыщсюхьу, абы щыхьэт текъуэ Іуэхугъуэхэм махуэ кьэс дрохьэлІэ, - жиІащ Правительствэм и Унафэщым. - ЩІэблэм бзэр Іэмал имыІэу ящІэн, гъэсэныгъэ яхэлъэн зэрыхуейри, хабзэр зэрызэрахьэхэри кьыщежьэр, дауи, унагъуэращ, школращ, ауэ щыхубэм я гупсысэкІэр зыуэнэтІ фэри фи пщэ кьалэн пыухьикІахэр кьыдохуэри, ар нэхъ тэмэму щыхубэм я пащхьэм зэритлъхьэным девгъэгупсыс, апхуэдэ дыдэуи зи гугъу тщІым и лъэныкъуэкІэ дэ, унафэщІхэм, ди Іэр зыхунэмысхэр дывгъэльагъуэ. А Іуэхур егъэфІэкІуэн зэрыхуейр сэ сощІэ, ауэ псори дызэгъусэу ар кьыхэтлъхьэн, зэпкърытхын, щІыхуэхэм кьагурыдгъэІуэн хуейщ. Унафэ пыухьикІа кьатщтэмэ, Іуэхур нэхъ тыншу зэфІэтхьифынущ.

- Бзэр ди щІалэгъуэм зэраІурымыльыжыр нобэ кьежьа гуныкьуэгъуэкым, - жиІащ «Заман» газетым и редактор нэхъыщхьэ **Аттаев Жэмал**. - Куэд щІащ ди щІэблэм урысобзэмрэ инджылызыбзэмрэ нэхъ япэ ирагъэщ зэрыхуэрэ. Абы и щхьэусыгъуэр ди анэдэлъхубзэхэр зыщІыпІэ дежи зэрыщымылажьэрщ, кьызэрамыгъэсэбэпырщ. Си щхьэкІэ, КъБР-м и Парламентми Правительствэми, зэрымыльэ нэхъ мыхьэми, щыІуи хуейуэ кьызэольытэ анэдэлъхубзэр, ар зыми кьыфпиубыдыуи си гугъэкъым. Бзэр я гъащІэм кьызэрыщамыгъэсэбэпырщ, я Іэнатіэм зэрыщыхуэмейрщ апхуэдэ гугъуехьэхэр кьэзыщІэр.

Абы и жэуапу Хьэсанэм жиІащ жылагъуэ гупсысэр кьызэщІагъэуІуэу а Іуэхум елэжьын, зи бзэр зэзымыпэсыкІ щІалэгъуалэм ящІэр зэрыкьуаншагъэр кьагурыгъэІуэжьын, гъэхкІэтын зэрыхуейр, бзэр щыІуну кьуажэ щэнхабзэ зэІущІапІэхэр кьызэрыщІэрэщІэжьыпхъэр.

Газетхэр нобэкІэ зыІуэу гугъуехьэхэм, тиражыр зэрымащІэм, І щІэзыщІэхэм ят ахъшэм и Іыхьэ машІэ дыдэ фІэкІа редакцэм кьызэрыІэрымыхьэжьым, нэгъуэщІэмри теухуауэ кьэпсэльащ «Адыгэ псалъэ», «Советская молодежь» газетхэм я редактор нэхъыщхьэхэу **Хьэфыщ1э Мухьэмэдрэ Кьардэн Мухьэмэдрэ.**

Журналистхэм кьаГъэльэгъуэ гуныкьуэгъуэхэм лъабжьэ зэраІэр, ауэ ахэр ямыгъэзэкІуэжьфыну зэрыщымытыр жиІащ Хьэсанэ Руслан.

НЭЩІЭПЫДЖЭ Замирэ.

Хьэсанэ Русланрэ Кьуэдзокьуэ Мухьэмэдрэ «Советская молодёжь» газетым и редакцэм щыхьащ.
Сурэтхэр **ЕЛЬКЪАН Артур** *трихащ.*

КъБР-м и Правительствэм и Унафэщі Хьэсанэ Руслан и хъуэхъу.

Узыншагъэм и хъумакІуэхэр ягъэпажэ

(КІэухыр. ПэщІэдзэр 1-нэ нап.).

АдэкІэ Хьэсанэ Руслан КъБР-м и Правительствэм и Щіыхь тхылъхэр зыхуагъэфэщахэм яритыжащ, фІыщІэ тхылъхэмкІэ игъэпэжащ республикэм узыншагъэр хъумэнымкІэ и Іэнатіэм илъэс куэдкІэ хьэлэлу хуэлэжьа нэхъыжьыфІхэр.

- Дэ тщыщ дэтхэнэ зыми жэуаплныгъэшхуэ зыпылъ икІи пщІэшхуэ зиІэ Іэщіагъэр къыщыхихьи, шэч хэмылъу, и нэгу къыщІигъэхьащ цыхухэм зэрелъэсну, абы узыр зэращхьэщихыну щыкІэр, - жиІащ КъБР-м узыншагъэр хъумэнымрэ курортхэмкІэ и министр **Шэт Ирмэ.** - Дохутырхэр зэгуэр зэІэза псори яцІыхуж жыхуаІэр, пэжщ, сыт щхьэкІэ жыпІэмэ дэтхэнэми уи псэм щыщ Іыхьэ гуэркІэ удогуашэ, нэгъуэщІуи Іэщіагъэм упэрытыфынукъым. Абы и лъэныкъуэкІэ нобэрей махуэшхуэр тхуэзэфІэкІар къыщыпщытэжи икІи адэкІи тщІэнур щыдубзыху зы гъунапкъэу къызолытэ.

Къапщтэмэ, мы илъэсыр Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм узыншагъэр хъумэнымкІэ и Іэнатіэм дежкІэ тыншу щытакъым - лэжьыгъэм зэхъуэкІыныгъэхэр зэрыхэтлъхьэным дыхущІэкъуащ. Щэч кьытетхьэркъым апхуэдэ Іуэху бгъэдыхьэкІэм республикэм и медицинэ Іуэхущіапіэхэм я лэжьыгъэр куэдкІэ зэрыригъэфІэкІуэнум. Узыншагъэр хъумэн Іэнатіэр егъэфІэкІуэн программэм ипкъ иткІэ, Іуэхущіапіэу 26-м зэгъэпэщыжыныгъэ лэжьыгъэхэр щрагъэкІуэкІащ. Ахэр нэхъ зыхуэныкъуэ хъэпшыпхэмкІэ къызэрагъэпэщащ, псори зэхэту Іэмэпсымэ зэхуэмыдэу 1200-рэ къащхэуащ. Санитар машини 126-м ГЛОНАСС спутник навигацэр ирагъэуващ, диспетчер станцхэр, медицинэ дэІэпыкъуныгъэ псынщІэмкІэ Іуэхущіапіэм и гъэцэн зыхуэІ ІэмэпсымэхэмкІэ къызэрэпэщащ.

Іэщіагъэлі ныбжьыщІэхэм Іэнатіэ яІэным и Іуэхури ипэкІэ мэкІуатэ. Апхуэдэу абыхэм я псэупІэр ирагъэфІэкІуэнымкІэ ядэІэпыкъуным епхауэ къыхалъхьа «Къуажэ дохутыр» федеральнэ программэмкІэ ныбжьыщІи 136-м сом мелуан зырыз ираташ. Мы илъэсым къуажэхэм щыІэ медицинэ Іуэхущіапіэхэм Іэщіагъэлі ныбжьыщІэу 44-рэ дгъэкІуэнущ а программэмкІэ.

ЕхъулІэныгъэ ди мащІэкъым, ауэ адэкІи зэфІэгъэкІипхъэу кьыптэщылъхэри куэд мэхъу. НэгъуэщІуи хъунукъым - медицинэр ар зыужьыныгъэщІэхэм псынщІэу дэбэкъуэн хуей Іэнатіэщ. Пэжщ, дэтхэнэ зэхъуэкІыныгъэми гугъуехь пыщІащ, щІэм зэуэ уесэныр тыншкъым, ауэ сэ шэч кьытесхьэркъым, дызэкъуэту Іуэхум дыпэрыхьэмэ, кьытпэщылъ кьаленхэм дазэрыпэлъэщынум.

Сыныбохъуэхъу зыужьащагъэ быдэ фиІэну, гуфІэгъуэр щытепщэ махуэ дахэ куэд фи гъащІэм хэтыну, фи нэхъыжьхэм я жьауэм фыщІэту, фи сабийхэм я екъулІэныгъэхэм фригуфІэу фыпсэуну.

КъБР-м и Парламентым и Унафэщі **Чеченов Ануар** къыщыпсалъэм кьыхигъэщащ медицинэм и лэжьакІуэхэм хуэдэу, цІыхухэм я дзыхь зрагъэз нэгъуэщІ зыри зэрыщымыІэр икІи абыхэм екъуэхъуащ сымаджэхэр кьазэрыщыгугъыр ягъэпэжыфу, абыхэм я щытхъум щымыщІэу я Іэнатіэм пэрытыну.

Республикэм узыншагъэр хъумэнымкІэ и Іэнатіэм екъулІэныгъэфІхэр къыщызыгъэльагъуэ лэжьакІуэхэм ираташ КъБР-м и Парламентым и Щіыхь, фІыщІэ тхылъхэр.

Псалъэ гуапэ куэд хужаІащ а махуэм медицинэм и лэжьакІуэхэм. Апхуэдэу абыхэм я махуэшхуэмкІэ екъуэхъуащ КъБР-м узыншагъэр хъумэнымкІэ и министру ильэс 25-кІэ лэжьа **Бер Мухьэдин,** республикэм и Жылагъуэ палатэм и тхьэмадэ **Тау Пщыкъан,** КъБР-м и Профсоюзхэм я унафэщІ **Амщокъуэ ФатІимэт** сымэ, нэгъуэщІхэри.

Апхуэдэу а махуэм КъБР-м Узыншагъэр хъумэнымрэ курортхэмкІэ и министерствэм и щІыхь тхылъхэр хуагъэфэщащ республикэм и медицинэ Іуэхущіапіэхэм я лэжьыгъэр тэмэму кьызэрэгъэпэщауэ екІуэкІынымкІэ дэІэпыкъуэгъу хьу ведомствэ щхьэхуэхэм я унафэщІхэм.

ЭйущІэр ягъэдэхащ республикэм и уэрэджьІакІуэхэу Тхьэгъэлэдж Светланэ, ШІэрджэс Іэсият, Зеушэ Іэуес, Текуев Амур, Абэнокъуэ Рустам, Мэкъуауэ Альмирэ, Жанатаев Даут, Бозий Зураб, «Кабардинка», «Балкария» ансамблхэм, нэгъуэщІхэми.

ЩІХЬЭЩІМЫЩІ Иэн.

● КъБР-м и Правительствэм

Къэпщытэныгъэм кърикІуахэм хоплъэ

КъБР-м и Правительствэм щыІэзэхэтащ Жылагъуэ институтхэм зегъэужьынымрэ цІыхухэм я хуитыныгъэр хъумэнымкІэ КъБР-м и Іэтащхьэм деж щыІэ комиссэм и зи гугъу зэІуищІэр.

ЗэІуЩІэр кьыдэІуихащ икІи иригъэкІуэкІащ зи гугъу тщІы комиссэм жэуап зыхь и секретарь **Беппаев Суфян.**

ЩІэныгъэ щрагъэгъуэт Іуэхущіапіэхэм щІэс ныбжьыщІэхэм я хуитыныгъэр хъума зэрыхьу щыкІэр къапщытэн папщІэ хаха гупым и лэжьыгъэм крикІуахэм тепсэльыхьащ гупым я пашэу щыта **Шыхьэзбахъуэ Мухьэмэд.** Налшык кьалэ дэт лицей №2-м, Лашынкъей дэт 1-нэ, 2-нэ курыт еджапІэхэм я Іуэхур зыІутыр и кІэм нэсу зрагъащІэри, гу зылъытапхъэхэмрэ Іэмал имыІэу зэфІэгъэкІын хуейкэмрэ яубзыхуащ.

Шыхьэзбахъуэм кьыхигъэщащ курыт школхэм тэмэму щрагъэджэн папщІэ щІэныгъэ куу зыбгъэдэлъ егъэджакІуэхэр хурикъуу яІэн зэрыхуейр, ар кьанэ щымыІэу улахуэр зыхуэдизым зэрепхар. НыбжьыщІэхэр тыншу, пщІэншэу ирагъэджэн папщІэ школ псори зэманым декІуу кьызэгъэпэщауэ зэрыщымытыр кьыхигъэщащ кьэпсальэм, икІи езыр здэщыІа еджапІэхэм зыщрихьэлІа ныкъусаныгъэ псори утыку кьрихьащ.

Егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ Налшык кьалэ департаментым и лыкІуэ **Борчаев Камал** жиІащ школхэм щыІэ щыщІэныгъэхэми, зэреджэну тхылъхэр пщІэншэу ныбжьыщІэхэм щыхуамыгъэшыфми, нэгъуэщІ гугъуехьхэми я щхьэусыгъуэр кьэралым кьарит ахъшэр зэрахуримыкъуараУ.

Егъэджэныгъэ Іуэхур тэмэму зэтеубла хъуным куэдрэ зэрытепсэлъыхыр, унафэ зэмылІэужьыгъуэхэр кьыззэращтэр, ауэ ахэр гъащІэм хэпщІа хъуным гугъуехьыщхъуэ зэрыпылъыр жиІащ КъБР-м и Парламентым ЩІалэгъуалэм, жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм, цІыхубз хьыбарегъащІэ Іуэхущіапіэхэм я ІуэхухэмкІэ и комитетым и унафэщІ **Хьэщхьэжь Татьянэ.**

Къэпщытэныгъэр щрагъэкІуэкІым кьыщІагъэща ныкъусаныгъэ псори кьыщыгъэльэгъуа, ахэр гъэзэкІуэжьын папщІэ щІапхъэхэмрэ а Іуэхум елэжьыпхъэхэмрэ щылбзыхуа дэфтэрым кьызэхуэсахэр арэзы техьауащ.

НЭЩІЭПЫДЖЭ Замирэ.

● Къэрал къулыкъущІапІэхэм

Къару зэкъуэткІэ пэщІэтын

Мылъку зэзыльэфалІэхэм ткІийуэ япэщІэтыным ехьэлІа Іуэхур му зэманым Къэбэрдей-Балъкъэрым кьыщІэтащ. Ар щыпхагъэкІэхэм ящыщщ республикэм Спортымрэ туризмэмкІэ и министерствэр.

КОРРУПЦЭМ ебэныныкъмкІэ политикэр пхыгъэкІын мурадкІэ, абы кьыщызэрагъэпэщащ ар зэпымыууэ зи нэІэ щІэт гуп. Абы и зэІуищІэхэр мазищ кьэс зэ йокІуэкІ. Министерствэм щолажьэ кьэрал, граждан кьулыкъущІэхэм я кьалэнхэр ягъэззэщІэным кІэлыплъ, я сэбэн зыхэлъ Іуэхугъуэхэр зэфІэзэых комиссэ. 2013 гъэм и блэкІа зэманым кьэхъуакъым ягъэува хабзэр щамыгъэзащІэ, кьаугъэ кьызэрикІуэ Іуэху гуэрн.

Министерствэм щолажьэ коррупцэм техуэуа хьыбархэмкІэ «дзыхь зрагъэз телефон». Ар www.sport-kbr.ru интернет-сайтым кьыщыгъэльэгъуащ.

АСЛЪЭН Мадинэ.

● ТхылъыщІэ

ЛІэужьыр бжьыблкІэ мауэ

УЭРЭЗЕЙ Афлик и усэхэр щызэхуэхьэса тхылъыщІэ иджыблагъэ дунейм кьытехьащ. УсакІуэм щІэджыкІакІуэхэм ди пащхьэм кьрельхьэ хэкум, цІыхухэм я зэхэтыкІэм теухуа, езым и гурыгъу-гурыщІэхэр кьызэхуэщІ и Іэдакъэщіэкіхэр:

Сабий дыхьэшхым и пшынальэр,
Махуэ дыгъэпсым и бзий нальэр,
Куэбжэпэм плъыру щыт
дэшхуейр -
НэгъуэщІ насыпу сыт сыхуей?

Псэ кьабзэ зиІэ усакІуэм нэсу зыхещІэ мылъкур насып зэрымыхьунур. Абы дежкІэ псом нэхърэ нэхь льапІэр зытет дунейм и дахагъымрэ ар зи щІэщыгъуэ сабий цІыкІухэм я макъ кьыщыІу лъахэмрэщ. Насыпыр насыпыфІэу зубжьжьынырщ - ар куэд зытетхыхьа хьэжьщ. Ауэ Уэрэзейм а насыпыр зыхилъагъуэр зи гугъу тщІа и закъуэкъым. ЩІапэ пагэм пщащэ нэмысыфІэр кьыдихьэхамэ, «насып хъумапІэу и лъахэм дежкІэ ебж». Нэхъ гъэщІэгъуэныжырщи, и щхьэ закъуэ насыпкъым усакІуэм кьилыхьуэр, лъэпкъым, цІыхухэм ядилъагъуну зыхуей, зэрахуэпсэ фІыгъуэр кьайхьулэмэ, езы Уэрэзей-усакІуэм дежкІэ аращ насып хъужьыр.

«Адыгэ», «Адыгэ губгъуэ», «Адыгэ уэрэдыжьхэр», «ПІэужь» усэхэм Хэку лъагъуныгъэр, ар зэрыльапІэр бзэ дахэкІэ кьыщыгъэльэгъуащ. Философие гупсысэ куу щІэльщ «ЛІэужь» жьхуиІэм. Іыхьиблу зэхэт мы усэм зи гугъу щищІыр иджырей зэманымрэ тхыдэм хьэхьжа блэкІа дыгъуасэмрэ зэпэщІэпх мыхъуну зэрыщэпыщІарщ, а тхыдэр уэрэрыхуейуэ жьпІэ, кьиптхыкІыж зэрымыхьунурщ. Псом хуэмыдэу льэпкъым и кьекІуэкІыдІэм, и нэгу щІкІакІэм а пщІэр зэрыхэмыязэгъэнурщ. Щым и образымкІэ мы усэм дэ щыдегъэльагъу, пцІэгъуэпльым тесу щыта шууейр щымыІэжми, псэущхьэм дежкІэ ар зэрыпсэур, и гукъэкІыжхэм зэрыхэтыр. Мы усэр зытеухуар адыгэ льэпкъым и нэгу щІэкІа гуэзвэгъуэрщ, ноб3 ди тхыдэр пщІы зэфІэзэщу кьизытхыкІыжхэм ират кэмыплІырщ. Ауэ апхуэдэхэм я мурадыр кьаз3рэмыхьуІэнум, пэжыр зэи зэрыпхуІэмыхьумэнум и щІыхьтэщ еханэ Іыхьэм кІэух хуищІыжа усэ сатырхэр:

Имыэжми кьэгъаз3 блэкІам,
Щым щыгъуплщэркъым нэгум щІэкІар.
Бжьыблкі3 уэнущ иджырп лІэужьыр,
Нхьуэмнущ абы льэпкъ лъэужьыр.

Льэпкъыпсэр зи псэм хэлъ адыгэ лІыхьужьхэм, пасэм щыІэу щыта нэхъыжьыфІ жьакІэхуэм я образыр зи гупсысэхэм хэмыкІ усакІуэм и нэгуми кьыщІыхьэу кьыщІэкІынущ абыхэм я тепльэр. Арагъэнущ мы псальэхэмкІэ Уэрэзейм «ЛІэужьыр» щинухьжьыр:

Си пщІыхьэпІэм щыпсэу си нэхьыжьым
Игу сеуэнкІэ сышынэу сожей.
Сыкьэушэ жьыуэ пщэдджьыжьым,
Нэхь щІэщыгъуэу сольагъур дунейр...

Зи щІалэгъуэхэри дахьэхынущ льагъуныгъэм теухуауэ мы тхылъым ит «Жьгыщіэ», «Пэкіу нэщхьейуэ, жыг щІагъ жьауэм щІэсу», «Дыгъуэпшыхь сэ сльэгъуати зы пщащэ», «Щымахуэ пшыхьым», «Псым хэдзэ, кьащти сигу кьэплъар», «Сыт кьэхъуар мы пщыхьэщхьэм», «Уэшхыр дыжьын жьгъейуэ», «Кьэзгупсысри уи Іэпкъльэпкъ пщыІутІыр» усэхэм.

Цыхум и гухэльри нэмрэ псэмрэ кьыІуидзэ дахагъри адрейхэм я льагъуІэм ещхьын хуейуи кьыщІэкІынкъым. Кьыхэгъэщыпхъэщ льагъуныгъэми ныбжь зэримыІэр. Іэпкъльэпкъыр жьы хъуми, гу жьыгъэ зэрыщІимыхур, дахагъкІэ, кьабзагъкІэ ар зэрыхьуапсэр, зыми жамыІа, зыми емыщхь гурыщІэ кьэлуэтэкІэ тхакІуэм зэриІэжьыр кьыхоу мы усэм.

Псым хэдзэ, кьащти сигу кьэплъар,
Псы щІыІэ мылкІэ схуэгъэупщІыІу.
Гурыщіэ пщтыру кьэкьуэльам
Джанэбгъэм кьринакьым щІыІу.

«ЛІэужь» тхылъым ихуа дэтхэнэ зы усэри щІэщыгъуэщ, бзэ дахэкІэ тхащ. УсакІуэр зытепсэльыхь сыт хуэдэ Іуэхугъуэри уи нэгум Іупщіу кьыщІигъэувэфу кьехьулІащи, лІэужь махуэ тхъэм тхуищ. Льэпкъыр игъэгуфІэу мыпхуэдэ тхыль купщІафІэ куэдкІэ иджыри кьытхуэупсэну ди гуапэщ.

НАФІЭДЗ Мухьэмэд.

● Ерыскъы промышленность

Процент 15-кІэ нэхъыбэщ

Къэбэрдей-Балъкъэрым и консерв заводиплым горох щхьэантІэм елэжьын щІадзащ. ПІсори зэхэту а къэкІыгъэр гектар мини 2,7-м щагъэкІащ, абы щыщу процент 95-м щІигъур консерв заводхэм зэрахьащ.

МЭКЪУАУЭГЪУЭМ и 10-м ирихьэлІэу горох щхьэантІэу тонн мини 2-м щІигъу зыхуей хуагъэзащ, банкІ мелуани 8-м нэблагъэ ягъэхьэзыращ. Ар нэгъабэ и апхуэдэ лъэхьэнэм ельытауэ процент 15-кІэ нэхъыбэщ. И фІагъыр мыкІуэду икІи кІэрыхуншэу горохыр зэщІакъуэжьын папщІэ, Іуэхум еужьэрэкІыпхъэщ. Абы и лъэныкъуэкІэ ди мэкъумэшыщІэхэм дуней хъарзынэ кьайхъулІащ.

КъБР-м Мэкъумэш хозяйствэмкІэ и министерствэм и пресс-Іуэхущіапіэ.

● Семинархэр

Я щІэныгъэм щыхагъахъуэ

Іэбу Хьэнифэ и цІэр зезыхьэ исльам университетым республикэм и Імамхэм дин щІэныгъэхэмкІэ лекцэ мэкъуауэгъуэм и 17-м кьыщыщІэдзауэ бадзэуэгъуэм и 5 пщІондэ кьащыхуеджэнущ.

КЪЭБЭРДЕЙ-Балъкъэрым и мусльымэнхэм я дин Іуэхущіапіэм апхуэдэ семинархэр 2004 гъэ льандэрэ кьызэрегъэпэщ. Республикэм и куейхэм ящыщ дин лэжьакІуэ 60 Диным и тхыдэр», «Психологие», «Этикэ», «Къэбэрдей-Балъкъэрым и тхыдэр» унэтІныныгъэхэмкІэ лекцэхэм ирагъэдэІуэнущ. Кавказ Ищхьэрэ Ислъам университетым и лэжьакІуэхэм нэмыщІ, Бэрбэч Хьэтутіэ и цІэр зезыхьэ КъБКъУ-м, КІуэкІуэ Валерэ и цІэр зезыхьэ КъБКъМУ-м, Гуманитар кьэхуэныгъэхэмкІэ Къэбэрдей-Балъкъэр институтым и щІэныгъэлІхэм зэхуэсахэм я пащхьэм кьыщыпсэльэнущ.

ПЩЫГЪУЭШ Іэсият,
КъБР-м Цыхубэ хьыбарегъащІэ ІуэхущіапіэхэмкІэ, жылагъуэ, дин зэгухьэныгъэхэмкІэ и министерствэм и пресс-Іуэхущіапіэм и унафэщІ.

● Гъуазджэ

Налшыкдэсхэм къыхуащІа тыгъэ

«Урысейм и театрхэр - Кавказ Ищхьэрэм» Іуэху яублам щыщу, Щоджэнцыкіу Алий и цІэр зезыхьэ Къэбэрдей кьэрал драмэ театрым щагъэльэгъуащ Тургенев Иван и «Дворянское гнездо» романым кьытрашыкІа спектаклыр.

ФЕСТИВАЛЫР Льэпкъхэм я кьэрал театрым кьызэригъэпэщащ, УФ-м и Президентым и Администрацэр, УФ-м Щэнхабзэмкі3 и министерствэр и дэІэпыкъуэгъуу. Кьыхэгъэщыпхъэщ, Налшык нэмыщІ, спектаклыр Мэхъэчкьалэ, Владикавказ, Назрань, Черкесск, Грознэ кьалэхэм зэрыщагъэльагъуэр.

1856 - 1858 гъэхэм Тургенев Иван итха «Дворянское гнездо» романыр 1959 гъэм ягъэ «Современник» журналым кьытрадзауэ щытащ. ЗэрыкалэмкІэ, абы лІыхьужь нэхъыщхьэу хэт Лаврецкий Федор и хьэлщэнхэм зыкъомкІэ тохуэ а ролыр зыгъэзащІэ, «Утомленные солнцем-2», «Вербное воскресение» фильмхэм, «Бригада» телесериалым, режиссер цІэрыІуэхэм ягъэува иджырей фильм 40-м нэблагъэм хэт Дюжев Дмитрий.

Урыс классикэм дихьэххэм хуабжьу ягу ирихьащ Чехов Александр и цІэр зэрихьэу Москва дэт Художественнэ театрым (МХТ) и артистхэм я джагуклІэр. Актерхэм я фэилъхьэгъуэхэр, жаІа романсхэр гукъинэжт.

Спектаклыр зыгъэувар УФ-м щІыхь зиІэ и артисткэ, режиссер Брусникинэ Маринэщ. Лизэ и ролыр Гладких Янэ егъэзащІэ, Гуляевэ Нинэ - Марфэ, Егоровэ Наталье - Марье, Брусникин Дмитрий - Леммэ, Гладковэ-Глинкэ Ксение - Варварэ, Чекмазов Эдуард - Михалевич, Хованская Аленэ - Беленицынэ, Пресман Дмитрий - Беленицын, Тимофеев Владимир - Гедеоновский, Левкин Павел - Паншин, Лемешкэ Еленэ - Настасье.

Театрыр фІыуэ зыльагъу налшыкдэхэм спектаклыр щІэщыгъуэ зэращыхъуар нАІуэу актерхэм Іэгуаеузшхуэ хуаІэтащ. Кулиев Кьайсын и цІэр зезыхьэ Балъкъэр драмэ театрым и унафэщІ Жангуразов Мэжид актерхэм фІыщІэ яхуищІри, удз гъэгъахэр яритащ.

Кьыхэгъэщыпхъэщ «Урысейм и театрхэр - Кавказ Ищхьэрэм» жаІэу кьрахьэжьа Іуэхум театр гъуазджэм зиужьыныкІэ мыхьэнэшхуэ зэриІэр.

БЖЬЫХЬЭЛІ Роэз.
Сурэтхэр **КАЮДИН Евгений** *трихащ.*

● ЩІалэгъуалэ Іуэхухэр

«Селигер-2013» зэхуэсым хэтынущ

КъБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущіапіэм хьыбар кьызэрыдигъэщІамкІэ, Къэбэрдей-Балъкъэрым и лыкІуэ гуп хэтынущ «Селигер-2013» щІалэгъуалэ егъэджэныгъэ форумым. Апхуэдэ унафэ кьыщащтащ КъБР-м и Правительствэм и зэІущІэм.

ДИ ЩІАЛЭГЪУАЛЭР кьэралпсо зэхуэсым зэрыхэтыр сэбэн мэхъу аф-хэм ябгъэдэль творческэ жэрдэмым нэхъри зиужьынымкІэ, я социальнэ жьыдэгъэрым адэкІи хэхъуэнымкІэ», - жиІащ КъБР-м егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ и министр **Семэн Пщыкъан.**

«Селигер-2013» щІалэгъуалэ зэхуэсыр бадзэуэгъуэм Тверь областым щекІуэкІынущ. Ди республикэм икІ щІалэгъуалэ гупыр зэхуэсым хэтыфын папщІэ, щыналъэ бюджетым кьахуеутІыпщ сом мин 344-рэ. Ар кьыщыгъэльэгъуащ «Къэбэрдей-Балъкъэрым и щІалэгъуалэр (2009 - 2015)» республикэ программэ хэхам.

ТАМБИЙ Линэ.

УсакIуэ тельыджэ Бещтокъуэ Хьэбас



МЫ МАХУЭХЭМ зи ныбжьыр илъэс 70 ирикъуэ усакIуэ тельыджэ, тхакIуэ, публицист, журналист Бещтокъуэ Хьэбас псалъэ гуапэкIэ зыхуэзыгъэзэну хуейкэр зэрыкъуэдым къыхэкIыу, къытедгъаззу и гъащIэм, и зэфIэкIым и гугъу тщIыну тфIэнгъуэщ. ЩIэныгъэ зыбгъэдэль, зи кьалэмыр пэжым хуэзыгъэлажьэ щIыху гуащIафIэм иджыри иIэну зи дохъуэхъу узынщагъэ быдэ иIэну, зыхуэуосэ-зыхуэтхэ лъэпкъым и ехъулIныгъэ кудрэр хэпIэну.

Бещтокъуэ Хьэбас Къарней и къуэр 1943 гъэм мэкъуаугъуэм и 5-м Бахъсэн куейм хыхьэ Исълэмей (Кьызбрун ЕтIуанэ) къуажэм къыщалъхуащ. КъБКъУ-м и филологие факультетым щеджащ, МКъУ-м журналистикэмкIэ и факультетыр 1968 гъэм екъулIэнигъэ иIэу кьиухащ. Зы зэманкIэ лэжьа нэужь, ар Мэскъуу аспирантурэм щыщIэтIысхьащ. Ар къиухри, Бещтокъуэр Налшык тхылъ тедзапIэм, кьалэ библиотекэм щылажьащ. НобэкIэ ар Лъэпкъ литературэр музейм и унафэщIщ.

Бещтокъуэ Хьэбас илъэс 40-м щIигъуауэ адыгэ литературэм хозэжьыкъ. А зэманым къриубыдэу абы и Iэдакъэ къыщIэкIащ уэсэ сборник пщIы бжыгъэхэр: «Ракетодромхэр» (1969), «Роэзм и чэзуу» (1973), «Адэжь щIыналъэ» (1978), «Нарт макъамэхэр» (1978), «Напэ» (1985), «ФIыльаныгъуэ тхылъ» (1988), «Исым щхьацIэ жыг закъуэ» (1991), «Лирикэ» (1993), «Тенджыз Iуфэ гъуэгуанэ» (1998), «Дуней тельыджэ» (2003), «Бжьыхь дыщафэ» (2006), «Дыщэхурэ фIамыщIрэ» (2012). 2011 гъэм Хьэбас и усэхэр Iиуэ Лидэ адыгеибзэм иригъэзагъэри, Мейкъуапэ къыщыдэкIащ. «Тыш закъуэ - арщ тхылъым фIащыр. Апхуэдэуи, 2009 гъэм «Эльбрус» тхылъ тедзапIэм къыщыдэкIащ Бещтокъуэм и литературэ-критикэ статьяхэр щыIэхэуэхэса «Анэдэлъхубзэм и пащащхь» тхылъыр. 1977 гъэм Мэскъуу къыщыдэкIауэ щытащ Пилсецкий Герман урысыбзэкIэ зэридзэкIауэ «Красный всадник» уэсэ тхылъ цIыкIур.

Бещтокъуэр и зэфIэкI щепльыжащ литературэм и жанр зэхуэмыдэхэм: лирикэм, лиро-эпикэм (уэсу тха «Мывэ лъэхъэнэ» роман-мифыр), прозэм («УIэзэмэ - куэдрэ!» рассказыр), драматургием («Имыс», «Нэсрэн ЖыакIэ», «КъхуафэжьыефкIэ хым эзпрысыкIэр», «Истамбыл къикIа джэду», «Сэроробот»); апхуэдэуи абы и гуащIэ хилъхьащ литературэ критикэмрэ публицистикэмрэ. КъищынэмыщIауэ, усакIуэм зрипщытащ нэгъуэщIыбзэкIэ ятха тхыгъэхэр зэдзэкIыным, ар къехъулIауи къыпхьытэ хъунущ: цIыкIуэрэм пащIэ абы зэридзэкIащ щхьэпкъ зэхуэмыдэхэм

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

Лъэпкъ хъугъуэфIыгъуэм ухэзыгъаплъэ

● Гъуэджэ

КъБР-м и Лъэпкъ музейм гъэлъэгъуэныгъэ гъэщIэгъуэм щокIуэкI. Дзржэгъуэ ни къэзыт защIэщ декоративно-прикладнай гъэзджэм и Iэщ1элъащIэхэм я Iэдакъэщ1экI тельыджэу утыку кьрахьаХэр. Дахагъэрэ гуапагъэрэ къызыпкъ-рыкI хьэпшыпхэм, сурэтхэм, уиэлъащIэхэм уепль кьудей мыхьэу, уигу ирихьар къэпщхъуфынуц.

IУЭХУ ДАХЭР къызэрагъэпэщащ КъБР-м Щэнхабзэмкlэ и министерствэмрэ Щыхубэ художественнэ Iэщlагъэхэмкlэ республикэ центрымрэ.

Зэрыгщlэщи, Къэбэрдей-Балькъэрым исхэр дахагъэр зыхалъхьэ щымыIэу къоГъуэгурыIуэ. Декоративно-прикладной гъуэзджэм и унэтIныныгъэ зэхуэмыдэхэм щылажъэ щIыхухэмкlэ республикэр эрыкъулейми дыщыгъуаз эщ. Апхуэдэхэщ, псалъэм папщIэ, УФ-м прикладной гъуэзджэмкlэ и щIыхубэ Iэпщlэльапщlэхэу П1аз Александр, Бачиев Хьэмзэт, Мэзло Руслан, дэрбгъэр, модельер Хъэщ1ыкIу Мадинэ сымэ, нэгъуэщIхэри. Абыхэм я лэжьыгъэхэм я газагъэм уатхьэкIу, дэрэжэгъуэ инкъуат, нэхъыщхьэраци, лъэпкъым и хьугъуэфIыгъуэм ухагъаплъэ.

ХъэщIыкIу Мадинэ, Щоджэн Лианэ, Нэгъуей Марьянэ, ЦIыпIынэ Альбинэ, Щокъуий Лаурэ, Галинский Яромир, Слъон Светланэ, нэгъуэщIхэми дыщэ, дыжьын Iуданэхэмкlэ хадыкIа, уагъэхэмкlэ гъэдэха фащэхэмрэ пыIэхэмрэ, иджырей эзманым кIыгъэзгъауэ ада пасэрей лъэпкъ фащэхэр, бзылъхугъэхэм зэрызагъэдахэ щIуугъэнэхэр, цейр, хьэзырылъхэхэр, дыжьын бгырыпххэр, щIакIуэр, ваквэр, бащIэныкъыр сыт и уасэ?! Дзасжькъ Къазбэч, Бачиев Хьэмзэт, Карчаев Мухьэдин, Бабаев Хьэнэфи, Лэкъун Сэлим, Алий Залым, Рагулин Святослав сымэ ящIа зауэлI щыгъынхэр, афджанэр, бийм зэрыпэщIэт Iэщlэхэр, сэхэр, кIамэхэмрэ сампIэхэмрэ гъэщIэгъуэщ.

Мывэ лъапIэхэмкlэ гъэщIэрэщIа дыщэ, дыжьын Iэпльын, тхьэгъу, щIэхъу, Iэпщхъу, нэгъуэщI щуугъэнэхэу Чинхасов Марк, Дубовик Владислав, нэгъуэщIхэми я лэжьыгъэхэр гъэлъэгъуэныгъэм хэтщ. Лъэщыгъуищ-плIыкIэ уэлIэбжьыжмэ, Японием къыщагупсысауэ щыта «Мокуме гане» Iэмалымкlэ ахэр ягъэхьэзырац.

Уеплъыну гухэхъуэщ дыщэидэмрэ хэдыкIымрэ хуэIэпщIэлъапщIэхэм хухаха пIлIанэпэхэм. ЗэрыгщIэщи, адыгэхэр ижь-ижьыж лъандэрэ кIоГъуэгурыкIуэ лъэпкъ гъуэзджэм и щэхуэм щыгъуазэу, хуэIэпщIэлъапщIэу. Дыщэидэр адыгэ лъэпкъым и щэнхабзэ хьугъуэфIыгъуэхэм зэращыщым и щапхъэщ и мыхьэнэм хэмыщIауэ, нобэр къызэдэсым цIыхухэр а Iэщ1агъэм зэрыдихьэхыр, ар зэрафIэщIэщыгъуэр. Гъуэзджэ нэсым и кьарум ар иджыри зэ щыхьэт техIуэ Iуэхугъуэщ. ЖыIэнуракъэ, лъэпкъ хабзэмрэ щэнхабзэмрэ апхуэдизу хэпщIа хъуа дыщэидэр тхыдэм и къэхъугъэхэр къызэрыщ гъуэдэжщхуэщ.

КъБКъУ-м декоративно-прикладной гъуэзджэмкlэ и кафедрэм и унафэщI, «Дизайнерхэм я союз» дунейпсо зэгугъэныгъэм хэт Къанокъуэ ФатIимэ, Тыкъуэ Дианэ, Бзылагъы Заирэ, Бекъан Еленэ, Исмэхьи Дарье, Мамбэт-КIыщ Анетэ, Тхъэгъэлэдж Агнессэ, Аппаевэ Жаннэ, Мелюхаевэ Фериде, Милосердовэ Еленэ сымэ хадыкIа лъэпкъ дамыгъэхэмрэ тхыпхъэщ1ыпхъэ зэхуэмыдэхэмрэ, адыгэ ныпыр, чысэхэр, къэлътмакъэр, бохыщэхэр, щхьэнтэхэр, сурэтхэр, бзылъхугъэ хьэпшыпхэр, хьэпIацIэщ1ыгъкIэ бла лэжьыгъэхэр узыIэпызышэщ. Мы лэжьыгъэхэм мыхьэнэшхуэ яIэщ лъэпкым къыдекIуэкI Iэщlагъэ дахэр - паперей дыщэидзэр, хэдыкIыр хъуэмэнымкIэ, щIэблэр абы дегъэхьэхъынымкIэ.

Утыку кьрахьащ тхыпхъэхэмкlэ гъэдэха унэльащIэ уаеэ зыхуэмышIыфынуэкри. Гъэнэт икIи удэзыхьхэ защIэт пхъэм, гъуаплъэм, мывэм кьыхэщIыкIа хьэкъущыкъуэр, унэльащIэхэр, саугъэтэхр. Дахащэт тхыпхъэ зэхуэмыдэхэмкlэ гъэщIэрэщIауэ Урыс Асльэн, Тубайхэ Мурат, Валерэ, Шыдыкъуэ Руслан, Джатэжь Асльэн, Балькъыз Арсен, Тхъэгъэзит Алимбэч, Брай Ратмир, Бозий Суфян, Маргъущ Юрэ, Ахматов Мыхьэмэт, Лэкъун Заур, Монсеенкэ Надеждэ, Магтуев Аскэр, Борисенкэ Ольгэ, Цунаев Сергей, Евдокимов Андрей, Батаев Михаил сымэ я сындыкухэр, пхъэм кьыхэIущIыкIа сурэтхэр, стIолхэмрэ щэнт щхьэгуэхэмрэ, сэхэр, фIэдзапIэхэр, лъэныкъуитIкIэ укъыщыщепIль хъу сыхьэтыр, нэгъуэщI хьэпшыпхэри.

Декоративно-прикладной гъуэзджэм сабийхэри зэрыдихьэхыр узыщIыгуфIыкI хъун Iуэ дахэщ. Бахъсэн районым хьыкъэ Къулькъужьын Ищхьэрэ къуажэм Гъуэзджэхэмкlэ и школым и гъэсэнхэу Шыкуэ Рустам, Пщыхьэщ1э Залым, Iэхъуэбэч Iэмнэ, нэгъуэщIхэми я лэжьыгъэхэм зэрыгущIэщи, адыгэхэр ижь-ижьыж лъандэрэ кIоГъуэгурыкIуэ лъэпкъ гъуэзджэм и щэхуэм щыгъуазэу, хуэIэпщIэлъапщIэу. Дыщэидэр адыгэ лъэпкым и щэнхабзэ хьугъуэфIыгъуэхэм зэращыщым и щапхъэщ и мыхьэнэм хэмыщIауэ, нобэр къызэдэсым цIыхухэр а Iэщ1агъэм зэрыдихьэхыр, ар зэрафIэщIэщыгъуэр. Гъуэзджэ нэсым и кьарум ар иджыри зэ щыхьэт техIуэ Iуэхугъуэщ1 ЖыIэнуракъэ, лъэпкъ хабзэмрэ щэнхабзэмрэ апхуэдизу хэпщIа хъуа дыщэидэр тхыдэм и къэхъугъэхэр къызэрыщ гъуэдэжщхуэщ.

КъБКъУ-м декоративно-прикладной гъуэзджэмкlэ и кафедрэм и унафэщI, «Дизайнерхэм я союз» дунейпсо зэгугъэныгъэм хэт Къанокъуэ ФатIимэ, Тыкъуэ Дианэ, Бзылагъы Заирэ, Бекъан Еленэ, Исмэхьи Дарье, Мамбэт-КIыщ Анетэ, Тхъэгъэлэдж Агнессэ, Аппаевэ Жаннэ, Мелюхаевэ Фериде, Милосердовэ Еленэ сымэ хадыкIа лъэпкъ дамыгъэхэмрэ тхыпхъэщ1ыпхъэ зэхуэмыдэхэмрэ, адыгэ ныпыр, чысэхэр, къэлътмакъэр, бохыщэхэр, щхьэнтэхэр, сурэтхэр, бзылъхугъэ хьэпшыпхэр, хьэпIацIэщ1ыгъкIэ бла лэжьыгъэхэр узыIэпызышэщ. Мы лэжьыгъэхэм мыхьэнэшхуэ яIэщ лъэпкым къыдекIуэкI Iэщlагъэ дахэр - паперей дыщэидзэр, хэдыкIыр хъуэмэнымкIэ, щIэблэр абы дегъэхьэхъынымкIэ.

Утыку кьрахьащ тхыпхъэхэмкlэ гъэдэха унэльащIэ уаеэ зыхуэмышIыфынуэкри. Гъэнэт икIи удэзыхьхэ защIэт пхъэм, гъуаплъэм, мывэм кьыхэщIыкIа хьэкъущыкъуэр, унэльащIэхэр, саугъэтэхр. Дахащэт тхыпхъэ зэхуэмыдэхэмкlэ гъэщIэрэщIауэ Урыс Асльэн, Тубайхэ Мурат, Валерэ, Шыдыкъуэ Руслан, Джатэжь Асльэн, Балькъыз Арсен, Тхъэгъэзит Алимбэч, Брай Ратмир, Бозий Суфян, Маргъущ Юрэ, Ахматов Мыхьэмэт, Лэкъун Заур, Монсеенкэ Надеждэ, Магтуев Аскэр, Борисенкэ Ольгэ, Цунаев Сергей, Евдокимов Андрей, Батаев Михаил сымэ я сындыкухэр, пхъэм кьыхэIущIыкIа сурэтхэр, стIолхэмрэ щэнт щхьэгуэхэмрэ, сэхэр, фIэдзапIэхэр, лъэныкъуитIкIэ укъыщыщепIль хъу сыхьэтыр, нэгъуэщI хьэпшыпхэри.

Декоративно-прикладной гъуэзджэм сабийхэри зэрыдихьэхыр узыщIыгуфIыкI хъун Iуэ дахэщ. Бахъсэн районым хьыкъэ Къулькъужьын Ищхьэрэ къуажэм Гъуэзджэхэмкlэ и школым и гъэсэнхэу Шыкуэ Рустам, Пщыхьэщ1э Залым, Iэхъуэбэч Iэмнэ, нэгъуэщIхэми я лэжьыгъэхэм зэрыдихьэхыр.



ПщIэшхуэ зиIа егъэджакIуэ

● Фэеплъ

УФ-м, КъБР-м Егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкlэ я министерствэхэм, УФ-м и Къэрал Думэм, нэгъуэщI къэрал Iуэхущlапlэхэмэ.

Цыхуэ щыпкъэу, лэжьакIуэ емыдэжщ, унафэщI Iэкlуэльакlуэу, егъэджакIуэ Iэ5эу псэуа Къуэдзокъуэ Владимир Хъэжмурат и кьуэм и фэеплъ нэхур куэдрэ дигу ирихьнущ и благъэ-быхьлъхэм, кьыдэлэжьакъэм, зыцIыхуэу щыта псомэ.

И ныбжьэгъуэхр.

● Щ1ыуэпс

Дунейр зыгъэдахэхэр

Къэщхъэтау жылагъуэм и теплъэрefIакIуэ зэпытщ. Ихъуреягъэр зэIуэпэщ щыным егугъур щIыпIэ администрацэмрэ ягъуаждэсхэмрэ я закъуэкъым.

ЗЫ ИЛЪЭСИ дэкIырыкъым КъБР-м и «Декоративные культуры» питомникым мыбыхэм щхъуантIагъэ телъыджэхэр тыгъэ кьахуимыщIу. Иджыблагъэ Къэщхьэтау и уэрам нэхъыщIхьэм щыхасащ пхъэхуей, псей щхъуантIэ, туе, къуэрэдэрэ жыгхэр.

Питомникым и унафэщI Боттаев Суфян къызэрыджиIамкlэ, кьыдэжьм и тельджэныкIуэным телажьэ дэтхэнэ зыми хуэзфIэкIымкlэ ядоIэпыкъу. КъищынэмыщIауэ, зи уней лъапсэ зыгъэдэхэну хуейхэри щагъэщIэхъу кьэхъуакъым. Iуэхугъуэ нэхъыщIхьэу кьаЛъитэр щыпIэ псори зыгъэдахэ щхъуантIагъэхэр хасэ къудейм и мыгакъуэу, абыхэм жылагъуэдэсхэр кIэлъыплъынырщ. Сыт хэлъ узытес уэрамым щыхаса жыгыщIэ щыкIуэм уакIэлъыплъыным хьэмэрэ абыхэм сэху и чэзум ептыным. А псори щIэтщIэжьр дыщыпсэур дгъэдэхэну арац«, - жеIэ Боттаевым.

ШЭРЭДЖ Дисэ.

Лэжьапlэ къэзылъыхъуэхэм ядэIэпыкъун папщIэ

КъЭБЭРДЕЙ-Балькъэр Республикэм Щыхуэхэр лэжьапIэкlэ кьызэрэзэпэщынкlэ и ихъурей комитетым Псычэрэ кьалэм щыIэ «Щынальэ зэхуакъ ресурс центр» къэрал Iуэхущlапlэм щыгъуэ Налшык кьалэм щIыхуэхэр лэжьапIэкlэ кьызэрэзэпэщынымкlэ и центрым щрегъэжьэкlэ Iэнатlэхэм я щынальэ зэхуакъ жармыкIэр. Абы кьрагъэбгъащ лэжьакIуэхэр зыкъуримыкIуэ Налшык телажьэ дэтхэнэ зыми хуэзфIэкIымкlэ ядоIэпыкъу. КъищынэмыщIауэ, зи уней лъапсэ зыгъэдэхэну хуейхэри щагъэщIэхъу кьэхъуакъым. Iуэхугъуэ нэхъыщIхьэу кьаЛъитэр щыпIэ псори зыгъэдахэ щхъуантIагъэхэр хасэ къудейм и мыгакъуэу, абыхэм жылагъуэдэсхэр кIэлъыплъынырщ. Сыт хэлъ узытес уэрамым щыхаса жыгыщIэ щыкIуэм уакIэлъыплъынымкlэ хьэмэрэ абыхэм сэху и чэзум ептынымкlэ. А псори щIэтщIэжьр дыщыпсэур дгъэдэхэну арац«, - жеIэ Боттаевым.

ШЭРЭДЖ Дисэ.

Хабзэм и плъыр

Урысейм Тезырхэр прегъэхьэкIынымкlэ и федеральнэ кIуэлыкIуэм и щIыналъэ органэм я пресс-Iуэхущlапlэхэм, еджапIэ Iэнатlэхэм я унафэщIхэр яджыблагъэ щыхэхуэсащ Подмосковье щыIэ «Аксаково» санаторэм. Абы щекIуэкIащ журналист лэжьыгъэ нэхъыфIым и епльынигъэ-эпцэу.

КъЫЗЭХУЭСАХЭМ я пащхьэм къыщыпсэльащ Урысей ФСИН-м и унафэщIым и кьудзэ, къэрал кIуэцI кIуэлыкIуэм и генерал-майор Колесник Николай, журналист цIэрыIуэхэу Максимовская Марианнэ, Мельник Роман, Барыкин Павел сымэ.

«Хабзэм и плъыр- уголовнэ-гъэзэщIакIуэ Iэнатlэм теухуа журналист лэжьыгъэ нэхъыфI- VII урысейпсо епльынигъэ-эпцэуэм щыгъэкIуэкIэр ягъэлъэпIащ. «Iуэху щхьэпэ» унэтIныныгъэм «Кабардино-Балкарская правда» газетым и корреспондент Мэлбахьуэ Зинаидэ и «Пъэхъуэщ хабзэхэм ирадза удын» статьям ещанэ увыпIэр кьыщихащ.

Зэпеуэм щагъэлъэгъуащ къэралым и щIыналъэ 75-м я лэжьыгъэ 180-м щIигъу. Гулытэ хуащIащ абы хэтхэм кIуэ пэтми зэрызагъэжьым, я материалхэр нэхъ купщIафIэ зэрыхъум.

ЗЭБАР Мадинэ,
Урысейм Тезырхэр прегъэхьэкIынымкlэ и федеральнэ кIуэлыкIуэм и управленэу КъБР-м щыIэм и пресс-Iуэхущlапlэм и лэжьакIуэ.

● Гъэмахуэ зыгъэпсэхугъуэ

Гулъытэм хуэдэ щыIэкъым

Сабий хэм я гъэмахуэ зыгъэпсэхугъуэр кьызыхуэтыншэу кьызэгъэпэщыныр адэ-анэхэр иджыпсту зыгъэпIейтей Iуэхугъуэхэм ящыщIу. Дэскэн куейм и унафэщIхэм я нэIэ щIэт зэпытщ ари. Иджыблагъэ щIыпIэм лэжьын щыщIадзащ ныбжьыщIэхэм я узыншаIуэр щрагъэфIакIуэ гъэмахуэ лагерхэр.

ТАШIЛЫ-ТАЛА къуажэм дэт «Кавказ пшэплъхэр» лагерымрэ Арщыдан жылэм дэт «Псынэпс» сабий зыгъэпсэхупIэмрэ зэуэ щыIэфынущ ныбжьыщIэ 750-рэ. ЦIыкIуэхэм зыщагъэпсэхуну лагерхэр лэжьэнущ план хэхахэм тету. Абыхэм кьыщыгъэлъэгъуащ сабий хэм драгъэкIуэкIыну лэжьыгъэхэр. Абыхэм кьызэщIаубыдэ я нэгу зегъэужьынри, я къэухьым, зэхэщIыкIым хэгъэхъуэнри, творческэ зэпеуэ зэмылIэужьыгъуэхэри, еплъынигъэхэри, эстетикэ, хэкупсэ гупсысэхэм хуэущIинри. Апхуэдэу сабий хэм я гъэмахуэ зыгъэпсэхугъуэр кьызыхуэтыншэу, щынагъэншэу кьызэгъэпэщынми зэман хухахынущ.

Псом хуэмыдэу гулыытэшхуэ игъуэтынущ бынунагъуэщхуэхэм кьахэкIа сабий хэмрэ унагъуэ хуэмыщIахэм щапIхэмрэ.

ГУIЭТЫЖ Залинэ.
Лэскэн куей

● Хъыбарегъащ1э

Щоджэнц1ыкIу Алий и цIэр зезыхь Къэбэрдей къэрал драмэ театрым мы спектаклхэм фрегъэблагъ

Мэкъуаугъуэм и 21-м:

Мамий Ержыб.
«Псэльыхьхэр»
(Гушы1э)

Мэкъуаугъуэм и 24-м:

Шамхалов Мэжид.
«Гуащэ ябгэ»
(Гушы1э)

Мэкъуаугъуэм и 26-м:

Рей Куни.
«Щ1ыхухъур,

цIыхубзыр, хьэдэ мыщIыхъур»
(Гушы1э)

Мэкъуаугъуэм и 28-м:

Толстой Алексей.
«Пащтыхьымрэ пащтыхь гуащэмрэ» *(Драм)*

Щ1ыщIидзэр сыхьэт 19-рщ.

Упщ1э зиIэхэр мы телефонхэмкlэ фыпсалъэ хъунущ: **42-64-94, 42-33-89**

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм Щыхубэ хъыбарегъащ1э Iуэхущlапlэхэмкlэ, жылагъуэ, дин зэгугъэныгъэхэмкlэ и министерствэм коррупцэм ебэныным хуэгъэзащ1э пlащIэгъэкIэ щIыхуэхэр здпсалъэ хъунущ телефоным и номерыр: 8(8662) 40-29-67.

● Спортмен зэхэщIакIуэ

Сэбаншыр псоми йофIэкI

Тэтэрстаным и къалащхьэм щекIуэкIащ атлетикэ хьэлъэмкlэ щIыхухъхэмрэ щIыхубзхэмрэ я урысей чемпионат. Абы Къэбэрдей-Балькъэрым и спортсменхэм зэфIэкI лъагэ кьыщагъэлъэгъуащ. Зэхъэзэхуэм екъулIэныгъэ щызыIэрыгъэхъэхъэм дунейпсо гъэмахуэ Универсиадэм хэтыну Iэмал ягъуэтащ.

ЧЕМПИОНАТЫМ кьрихьэлIащ къэралым и щIыналъэ 31-м кьикIа спортсмени 100-м щигъу. КъБР-м и гупым ещанэ увыпIэр зыIэрагъэхьащ. Ялэ ищар Москвэрэ Санкт-Петербургрэ я лIыкIуэхэрщ.

Щхьэзакъуэ зэпеуэхэм килограмм 229-рэ кьэзыIэта Нарткъалэ щыщ Саламатов Виктор (кг 56-рэ) ещанэ увыпIэр кьыщихьащ. Гобеев Михаил (кг 77-рэ) килограмм 335-м пэльэщ1ун, етIуанэ хьуащ. Бжьыпэр иубыдащ килограмм 361-рэ кьэзыIэта Петров Дмитрий (кг 85-рэ). Килограммэ 105-рэ эи хьэльагъхэм я деж пашэ щыхьущ килограмм 404-рэ зыгъэжьарууэ Сэбаншы Мартин. Абы спортым дунейпсо класс зиIэ и мастерым и мардэхэр игъэзэщIа кьудейкъым, атIэ УФ-м спортымкIэ щIыхь зиIэ и мастерхэу дуней псомрэ Европэмрэ я чемпионэху Клоков Дмитрий, Константинов Роман, Диманов Андрей сымэ ефIэкIын лъэкIащ.

ЕкъулIэныгъэ зыIэрыгъэхъэ ди щIалэхэм я тренерщ Маккаев Махьтыр, Шэкэм Михаил, Дахкильгов Чингиз сымэ.

Бокс

Ди щIалэхэм я ехъулIэныгъэхэр

Урысей Федерацэм боксымкlэ пашэныгъэ кьыщыхьыным Анапэ щекIуэкIа зэхьэзэхуэм Къэбэрдей-Балькъэрым и спортсменхэм зэфIэкI лъагэ кьыщагъэлъэгъуащ.

ДИ ЩIАЛИПЛIЫМ екъулIэныгъэ зыIэрагъэхьэрэ, къэралым и команд кьыхэхам хагъэхьащ. Кьурмэн Алихьанрэ Гуэщокъуэ Русланрэ етIуанэ увыпIэхэр кьахьащ. Кьущхьэ Iэмнирэ Кьарсанэ Азаматрэ ещанэ хьуащ. Европэм пашэныгъэ кьыщыхьыным теухуауэ Ирландием щекIуэкIыну зэхьэзэхуэм ахэр хэтынущ. Спортсменхэр ягъасэ КIэрэфэ Залым, Къудей Токъан, КIэрэфэ Тимур, Мэшыкъуэ Валерэ сымэ.

Iэпщэрыбанэ зэзауэ

Зэуэ блым иратыж

Урысейм Iэпщэрыбанэ спортымкlэ и мастер кьызэрыфIащамкlэ дамыгъэкIэ Къэбэрдей-Балькъэрым и спортсмениблым «Налшык» спорткомплексым щратыжащ.

АР ТРАГЪЭХУАЩ и кьалэн игъэзащIэу хэкIуэда Дал Амир и фэеплъу кьызэIуаха зэхьэзэхуэм. ПщIэ хуащIу игъэльэпIащ Ныбэжь Асльэн, АфIэунэ Аскэрхьэн, Нахьуэ Азэмэт, Хьусин Руслан, Хьэгъэжей Инал, Нэгъуей Анзор, Джэрий Руслан сымэ.

КъБР-м спортымрэ туризмэмкlэ и министрым и кьуэдзэ Мамхэгъэ Хьэчим дамыгъэхэр зыхуагъэфащащэхэм яритыжащ. Зэпеуэм хэтынухэм ар ехъуэхъуащ, зэфIэкI лъагэхэр зиIэ спортсмен лъэщхэм зэдэпльейуэ, езыхэми ехъулIэныгъэхэр зыIэрагъэхьэну.

Зэхъэзэхуэм кьрихьэлIащ республикэм и спорт клубу 7-м я лIыкIуэхэр. Команд зэхэщIэ зэхъэзэхуэхэм текIуэнущхэр зыщIэрагъэхьэхъэ Тхьэхьэхъуэ Мартин, Косточков Леонид, Кьэнэмэт Астемыр, Хьусин Руслан, Тенджыз Арсен, АфIэунэ Аскэрхьэн, Борий Аскэр, Шорэ Аскэр сымэ.

Зэхъэзэхуэр мылькукIэ кьызэрыгъэпэщащ Дал Амир и кьуэш Тимур.

Редактор нэхъыщхьэ ХЬЭФЫЦIЭ Мухьэмэд

РЕДАКЦЭМ И КОЛЛЕГИЕМ ХЭТХЭР

Жылаго Заурбэч (редактор нэхъыщхьэм и кьуэдзэ), **ЖьэкIымыхьу Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и кьуэдзэ), **Ширдий Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и кьуэдзэ), **Гъэрыжь Мадинэ** (жэуап зыхь секретарь), **Iустэмэн Залинэ, Кьардэн Маригъ, НэщIэныджэ Замирэ, Хьэжькъаер Алик, ЩIхьэщэмыщI Иэ.**

КъыдэзыгъэкIэмрэ редакцэмрэ я хэщIапIэр

«Адыгэ псалъэ» газетыр КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ кьыдагъэжьI.

360030, Къэбэрдей-Балькъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 5, епщIанэ къат.

ТЕЛЕФОНЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и кьуэдзэхэм - 42-63-64, 47-31-54, 47-33-23; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КъУДАМЭХЭМ: политикэмкlэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ Iуэхущlапlэмкlэ - 42-22-86; кьуажэ гъащIэмрэ экономикэмкlэ - 42-57-59; щэнхабзэмкlэ - 42-75-36; обозревателхэм - 42-22-89; хабзэхьумэ Iуэхущlапlэхэм ядэлажьэнымкlэ - 42-60-53; хьыбарыгъэхэмкlэ, спортымрэ щIэныгъэмкlэ - 42-22-88; егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкlэ - 42-37-15; здэщыкIакIуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; бухгалтерием - 47-31-69; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер Iуэхущlапlэм - 42-26-41; сурэттехэм - 42-75-78.

Техническэ хэлъхьэ кьыщыхьа бжыгъэхэм, кьыщаIэта Iуэхугъуэхэм я пэжагъэмкlэ ахэр зыгъэзащIэ. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Iуэху епльыкIэр зэтеуэ зэныту щыгъэкIыну.

Газетыр Iэ тезыдзэм яхуэхьынри и пщэ дэльщ КъБР-м федеральэ пошт зэныщIэныгъэхэмкlэ и управленэм.

Тел.: 76-01-28, 76-01-10.

Газетыр 1989 гъэм дыгъэгъазэм и 16-м Печатым и хунтыныгъэр хьэмэныкIэ Къэбэрдей-Балькъэр щIыналъэ Iуэхущlапlэм №Н-0065-м щIэту ятхащ.

Зы илъэсым газетыр 250-рэ кьудокI.

«Тетраграф» ООО-м щытыредзащ. КъБР, Налшык къалэ, Лениным и щIэкIэ щыIэ уэрам, 33, тел. 42-35-75.

Мы кьыдэжьыгъуэм елэмьахэщ: жэуап зыхь секретарым и кьуэдзэ Кьашнокъуэ Эдуард, редактору Щхьэщэмыщ1 Иэ, корректорхэу Щоджэн Инэрэ *(1, 2-нэ нап.)*, Щоджэн Заирэ *(3, 4-нэ нап.)*, корректорхэм я дэIэпыкъуэгъу Мырзэкъан ФатIимэ. *Компьютеркlэ газетым и теплъэр ящащ* Ныр Саидэ, Мэлбахьуэ Анжелэ, *сурэтхэм елэжьар* Бицу Жаннэ.

Номерыр «Адыгэ псалъэ» и компьютер Iэнатlэм щагъэхьэзыращ.

Газетым Iэ траддэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20-рщ.

Индексыр 51531 ● Тираж 5.220 ● Заказ №1520